



Ifishe y'ikoreshwa ry'ivu ry'inombe, ingugo, ishwagara n'amavuta y'amamesa mu kurwanya ubunyundo bwonona ibigori mu bubiko

Ubushikiranganji bw'Uburimyi, Ubworozi n'Ibidukikije

I. Ubunyundo bwo mu bigori

Inyuma y'iyimbura, haribonekeza mu bubiko bw'ibigori udukoko twonona tuzwi kw'izina ry'ubunyundo nka *Sitophilus sp na Prostephanus truncatus*. Ni udukoko dutoduto dufise umutwe uherezwa n'umunwa muremure ukomantaye. Ubunyundo bukuze bwimba utunogo m'urutete rw'ikigori, bugaca butayo amagi bukayafukisha n'utugozigozi tumeze nk'udupampa twakoze. Amagi yiberaguye, urunyo ruca rutangura kurya imbere mu rutete, aho ruja rurahindagurira intambwe z'ubuzima hanyuma rugashoka rukuze. Buronona bimwe biboneka akanovera k'intete, bukanagabanya n'umwimbu (rabira kw'ishusho ya 1).



Ishusho 1 : Uko ubunyundo bwonona : utunogo twimbwe n'utunyundo(A) na *sitophilus sp*(B) ku ntete z'ibigori

II. Kurwanya ubunyundo ukoresheje ivu ry'inombe, ingugo(ingwa), ishwagara n'amamesa

Mu kurwanya ubunyundo hashobora gukoreshwa imiti mva ruganda, imifuko igenewe gushingura

umwimbu, ibikoresho vyugarika neza be n'ibikoresho kama nk'ivu ry'inombe, ingugo, ishwagara n'amamesa.

Inombe, ingugo(Ingwa) be n'ishwagara birakoreshwa ari agafu kanoze kateguwe muri vyo. Amavuta akoreshwa ayaze kugira afate ku ntete z'ibigori.

Ako gafu co kimwe n'amavuta bikora mu kugabanya kugendagenda hamwe n'irondoka ry'utwo dukoko. Ubwo buryo butegerezwa gukoreshwa umwimbu ugishirwa mu bubiko, narirya intete zishobora gufatirwa mu mirima.

Menya neza : Intete zitegerezwa kuba zumye neza, ugaca uzishira mu mifuko isukuye hanyuma ukayishira mu bubiko ahantu haca akayaga, ukirinda kuyitereka hasi canke kuyegamika ku mpome.

III. Itegurwa n'ikoreshwa ry'inombe, Ingugo (ingwa), ishwagara n'amamesa.

1. Itegurwa n'ikoreshwa ry'inombe :

- Rondera isi y'inombe wimbe ivu ukeneye gukoresha ;
- Menagura neza ibinombo vy'inombe hanyuma wanikire iryo vu ku zuba ;
- Sya iryo vu ry'inombe hanyuma uriyungurure kugira uronke agafu kanoze(rabira kw'ishusho ya 2) ;
- Pima ibiro 2,4 vyako gafu k'inombe ugashire mu biro 100 vy'intete z'ibigori ;

- Vanga neza ako gafu n'intete, kugira uhungire neza, uce uzishira mu mifuko hanyuma uyishire mu kibanza cabigenewe.




Ishusho 2 : Ivu ry'ifu rigeze gukoreshwa

2. Itegurwa n'ikoreshwa ry'Ingugo(ingwa)

- Rondera ikibanza kirimwo ingwa (ikinyegwa), hanyuma wimbe ingwa ukeneye gukoresha ;
- Menagura ibinombo vy'ingugo hanyuma yanikire ku zuba ;
- Imaze kwuma, sya ingugo uce uyiyungurura kugira uronke agafu kanoze (rabira kw'ishusho ya 3) ;
- Pima ibiro 5 vy'agafu k'ingugo ugakoreshe mu biro 100 vy'intete z'ibigori ;
- Vanga neza ako gafu kugira uhungire neza, uce uzishira mu mifuko hanyuma uyishire mu kibanza cabigenewe ;
- Ubwo buhinga bukingira umwimbu mu kiringo c'amezi 2.



Ishusho 3 : Agafu k'ingugo kategoriwe gukoreshwa



Ishusho 4 : Agafu k'ishwagara igeze gukoreshwa



Ishusho 5 : Amamesa ageze gukoreshwa

3. Itegurwa n'ikoreshwa ry' agafu k'ishwagara

- Rondera ahari urutare rurimwo ishwaraga, hanyuma wimbe iyo ukeneye gukoresha;
- Honda neza urwo rutare hanyuma uyungurure kugira haboneke agafu k'ishwagara kanoze (rabira kw' ishusho ya 4) ;
- Pima ibiro 5 vy'agafu k'ishwagara ugakoreshe mu biro 100 vy'intete z'ibigori ;
- Vanga neza ako gafu n'intete kugira uhungire neza, uce uzishira mu mifuko hanyuma uyishire mu kibanza cabigenewe ;
- Ubwo buhinga bukingira umwimbu mu kiringo c'amezi 2.

4. Itegurwa n'ikoreshwa ry'amamesa

- Koresha ama millitiro (isese) 200 y'amamesa mu biro 100 vy'intete z'ibigori zumye ;
- Hungira neza intete z'ibigori ukoresheje ayo mamesa ;
- Rekera izo ntete uhejeje guhungira ahaca akayaga kugira zumuke kandi n'ugutita bivuye ku mavuta bigabanuke ;
- Tondeka ugerekeranya neza imifuko wabitsemwo ivyo bigori mu kibanza cabigenewe ;
- Ubwo buhinga bukingira umwimbu mu kiringo c'amezi 2.

Menya neza : koresha amavuta ku ntete zogufungura zonyene kubera ko amamesa agabanya ubushobozi bw'ukumera.